9. Hotamov N., Sarimsoqov B. Adabiyotshunoslik terminlarining ruscha-o'zbekcha izohli luǵati. – Toshkent: «O'qituvchi», 1979.
10. Yusupov I. Tumaris hám basqa poemalar. – Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1974.

**REZYUME.** Maqolada takrorlash usulining anadiplosis turi haqida so'z yuritiladi. Anadiplosislarga nazariy tushunchalar berilib, ularning I.Yusupov bilan M.Seytniyazovlarning poemalarida qo'llanilish xususiyatlari va badiiy vazifasi ochib berilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается метод повтора анадиплосис. Приводятся теоретические положения анадиплосиса, раскрываются особенности его применения и художественные задачи в поэмах И.Юсупова и М.Сейтниязова.

**SUMMARY.** The article examines the method of repetition of anadiplosis. Theoretical provisions of anadiplosis are presented, the features of its application and artistic tasks in the poems of I.Yusupov and M.Seitniyazov are revealed.

## ТҮН ҲӘМ ҚАРАҢҒЫЛЫҚ ОБРАЗЛАРЫНЫҢ РОМАНЛАРДА СҮЎРЕТЛЕНИЎИ

**Т.Сейтниязов –** *еркин излениўши*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** адабиёт, табиат, бадиий тасвир, вақт, маҳал, кун, тун.
**Ключевые слова:** литература, природа, изобразительное искусство, время, сезон, день, ночь.
**Key words:** literature, nature, art, time, season, day, night.

**Кирисиў.** Тәбиятты сүўретлеў ямаса пейзажлық образлар арқалы кешки, түнги мезгилди аңлатыўдың да бир неше усылы бар екенин көриўге болады. Бир кешки пайытты бир неше атама менен атаўға болатуғынын романлардағы текстлерде ушырасады. Түнги ўақыт жулдызлар, олардың түрлери, ай ҳәм басқа да аспан денелери арқалы аңлатылады. Аспан денелериниң жайласыў орны да түнги ўақытты аңлатады. Бул арқалы автордың да жулдызлар ҳаққындағы билими, тәжирийбеси көринип қалады. Қараңғылықтың түсиў басқышлары да үлкен әҳмийетке ийе. Мәселен, қараңғылық түсип баслаўын геўгим, ымырт, иңир деген сөзлер менен аңлатады. Бул жағынан қарақалпақ тилиниң лексикасының бай екени көринеди. Биз бир қанша текстлерди таллаў арқалы сутканың бундай мәҳәлин билдириў усылларын үйренемиз.

**Методлар**. Кешки мезгилди көбирек қуяштың батыўы ҳәм қараңғылықтың түсе баслаўы менен аңлатыў көркем әдебиятта қәлиплескен сүўретлеў усылы. Бирақ бунда қуяш та, қараңғылық та тек мезгилди аңлатып қалмастан, шығарма сюжетиниң буннан былай да раўажланыўына тәсирин тийгизеди.

**Талқылаў ҳәм нәтийжелер.** «Күн дегендей күн де жоқ еди, ғарры сонда «Қуяштың буншелли қанқызыл из қалдырып батыўын қара! Аманы жоқ, ҳәр күни усылай қанға шомылып шығып, қанға шомылып батады!... Ҳәр күни қанша қыршын жан қыйылып атыр, солардың көпирип атырған бийгүна қанларының сағымы бул!» («Ширашылар», 13-бет) Негизинде қуяштың қып-қызыл болып батыўы тәбияттың ең әжайып көринислериниң бири. Тәбиятты көркем дәрек сыпатында танып, оны көркем образға көширетуғынлар бул көринистен эстетикалық талғам пайда етеди. Мәселен, пейзажлық картина сызатуғын художниклер бул көринистен шебер пайдаланады. Бирақ, жоқарыдағы текстте бул көриниске басқаша мазмун жүклеген. Халқымызда қуяштың қып-қызыл болып батыўы «қай жерлерде дур адам адамды өлтирип, олардың қырмызы қаны ағып атыр», деген түсиник бар. Романда бул Ещан ғаррының сөзи менен жеткериледи: «Аманы жоқ, ҳәр күни усылай қанға шомылып шығып, қанға шомылып батады!... Ҳәр күни қанша қыршын жан қыйылып атыр, солардың көпирип атырған бийгүна қанларының сағымы бул!» Ещан ғаррының бундай ойға берилиўи тосыннан емес, ол дәўирде Советлер ҳәкимиятын орнатыў ушын «Қызыллар» келип оларға қарсы шыққан «Ақлар» менен урыс жүргизип, ҳәр адым сайын бийгуна адамлардың қаны төгилип атырған еди. Әне, усы ҳәдийселер Ещан ғаррыны да тынышына қоймас, оның жалғыз улы Дощан да қызыллар қатарына кирип урысларға қатнасып атырғанлықтан да ол усы ойларға бериледи.

Әтирапқа қараңғылық түсиў басқышлары қарақалпақ тилинде жүдә пәкизе етип сүўретленеди. Рус тилинде «сумерки» деген сөз бар. Бул түсиник қарақалпақ тилинде «гейгим, ымырт, иңир» деген сөзлер менен бериледи. Демек, буннан қандай жуўмақ келип шығыўы мүмкин? Бириншиден, бул қарақалпақ тилиниң лексикалық хоры бай екенин көрсетеди. Екиншиден, халқымыз әзелден тәбият ҳәдийселерин жүдә дыққат пенен бақлап барған. Мәселен, қуяш батып жаңа қараңғы түсип баслаған, бирақ еле «анадай жердеги» адамды көриў мүмкин болған мәҳәл гейгим деп аталады. Қараңғылық буннан да қойыўласып жаныңа келген адамды ғана көре алатуғын мәҳәлди ымырт деген сөз бенен аңлатады, ал әтирапқа қараңғылық толық шөгип, бирақ еле тастай қараңғы басланбастан алдыңғы мәҳәлди иңир деп атайды. Биз енди ымырт жабылыў процессиниң сүўретлениўиниң үш түрли басқышын көрип өтемиз.

«Ымырт түсип баратырғанда бул шыра жағыў ушын дәскелерин алып, қайығына минип атырғанда я жергиликли халыққа, я орысқа усамайтуғын бир жаралы адам келип, арғы жағаға өткерип таслаўды жалынып өтинди. Ғарры буның қызыллардан екенин кийиминен абайлады» («Ширашылар», 11-бет)

Жоқарыдағы текстте ымырт жаңа түсип атырған мәҳәл сүўретленеди. Демек, геўгимнен сәл аўысыңқыраған мәҳәл. Енди көп өтпей әтирапты қараңғылық ийелейтуғын болғанлықтан да Ещан ғарры (ол ширашы) шираларын жағыўға таярлап атырған

(«Ымырт түсип баратырғанда бул шыра жағыў ушын дәскелерин алып») мәҳәл. Бул мәҳәлде жақын жердеги адамды биймәлел көриў мүмкин. Сонлықтан да Ещан ғарры буның кемесине келип арғы жағаға шғарып тасла деп өтиниш еткен адамның түр-түсинен «я жергиликли халыққа, я орысқа усамайтуғын»лығын билип алды, ҳәттеки, оның жаралы екенин, кийимине қарап қызыллардан екенин де аңғарып үлгерди. Тәбияттың қараңғылық түсиў ҳәдийселериниң бул басқышын жазыўшы анық сүўретлеген.

Әлбетте, бул жерде тек тәбият ҳәдийсеси ўақытты аңлатыў ушын ғана сүўретленип қоймастан роман қаҳарманы Ещан ғаррының адамгершилик пазыйлетлерин ашып бериў ушын да қолланады. Булар қайық пенен дәрьяның ортарағына барған ўақытты кемесине мингизип арғы жағаға алып баратырған адамның (оның кимлердендур қашып киятырғанын Ещан ғарры әўелден-ақ биледи, бирақ бир инсанды аман алып қалыў нийети үстин келеди) душпанлары жағаға келип кемениң жағаға қайтыўын талап етеди. Ещан ғарры болса, дарғашы емес, шырашы екенин айтып шырасын былғап көрсетеди. Мәҳәл ымырт түсе баслаған ўақыт екенлиги ушын да жағадағылар кемеде ғаррыдан басқа кимдур бар екенлигин көре алмайды. Бул көркем шынлыққа сәйкес келеди.

Әтирапқа қараңғылық түсиўиниң келеси басқышы қарай сүўретленетуғынын да көрип өтемиз: «Ымырт еле түсе қойған жоқ еди. Ғарры жалма-жан жигиттиң омыраўының илгеклерин ағытып, қан шығып турған шеп ыйығын бийазар ғана жалаңашлап атыр еди, жигит «ҳимм, - деп, бир ыңырсыдыдағы, - қойып тур, бабай!» деди ҳәм саў оң қолы менен етегин басына түрдидағы көйлекти бирден үстинен жулып таслады» («Шырашылар», 15-бет) Бул ҳәдийсе дәслепки көрип шыққанымыздан азғана ўақыттан кейин жүз берген. Еле адам жарақатын шыраның жақтысысыз-ақ көре алатуғын ўақыт. Жазыўшы ҳәдийсе-ҳәрекетлерди басқышпа басқыш сүўретлегенликтен де онда ўақыт та әсте ақырынлық пенен алмаспақта. Әне, усы азғана ўақыттың өзи қаҳарманлардың тәғдирине үлкен бурылыс жасаўға үлгереди. Еле бир кесе чай ишкендей ўақыт өтпестен бурын өлим менен өмир ортасында турған Кумингер (қайықта жарадар болып жатырған жигит) енди өзин бираз еркин сезе баслады. Солай екен, Ещан ғарры да оның жарақатын емлеўге киристи. Өмиринде бир мәртебе болса да көрмеген, оннан қала берсе өз миллетинен де емес, мусылман да емес, олар жасайтуғын мәмлекеттиң де адамы емес (Кумингер ҳаслы венгер болып ол коммунистлик партия ағзасы болғанлықтан қызыл әскерлерге қосылып қалған еди) биреўди дәслеп оның душпанларынан қутқарып қалыўы, соңынан оның жарақатын емлеўи Ещан ғаррының адамгершилик пазыйлетлерин де, улыўма характерин де ашып береди. Мине, булардың барлығы ўақыт ҳәм қаҳарман тәғдири арасындағы өзгерислердиң анық сүўретлениўи есапланады.

Бул көринис ҳақыйқый ымырт түсинигиниң мәнисин бере алады. Ымырт түсти, бирақ еле иңир болған жоқ. Бул кештиң соңғы басқышы. Буннан кейин ҳақыйқый қараңғылық басланады. «Ымырт тәўир-ақ түскени менен жулдызлары жаңа туўа баслаған аспан сағымын дәрьядағы пәсли-бәлент, есап-сансыз ҳәм тынымсыз ҳәрекеттеги толқынлар толқын емес, - тап, айдында сан-санақсыз көпеклер аўнап ойнап атырғандай туйылар еди, усы бир сезим, негедур, ғаррының жылт етип мийине келди. Ол тәбиятты неге болса да усата алса өзинен өзи ләззетленип, шаршағаны шыққандай қуўнақланатуғын еди.» («Шырашылар», 20-21-бетлер) Енди әтирап гүңгиртленип көрине баслайды. Сүўретлеў де усыған сәйкес. Жулдызлар енди ҳәр жерден көрине баслаған, еле де ҳәлсиз болса да аспаннан келип турған сағымлар әтираптағы көринислерди булдыратып көрсетип турған пайыт.

Бул текстте кешки ымырттың ҳақыйқый мәнисин ашып беретуғын сүўретлеў – «жулдызлары жаңа туўа баслаған аспан сағымын дәрьядағы пәсли-бәлент, есап-сансыз ҳәм тынымсыз ҳәрекеттеги толқынлар толқын емес - тап, айдында сан-санақсыз көпеклер аўнап ойнап атырғандай туйылар еди» есапланады. Суўдың бурқасынлап, толқынлардың бириниң изинен бири қуўып аўнап атырғанын сан-санақсыз көпек ийтлердиң аўнап ойнап атырғанына мегзетиў жүдә образлы шыққан. Жазыўшы бул сүўретлеўлер арқалы мәзи суткалық ўақытты аңлатып қалмастан, пикир образлылығын тәмийнлеўге де ерискен. Өйткени, ымырт жабылғаннан кейин әтирап қараңғыланып, ҳәр қыйлы ҳәдийсе-ҳәрекетлерди аңғарыў мүшкиллесип бара береди. Усындай пайытта күндизлери алыстан-ақ ап-анық көринип туратуғын таўланып булқып атырған толқынлардың булдырап көринип аўнап атырған көпек ийтлерге мегзеп кетиўлери ҳәм жаңа, ҳәм логикалық жақтан исенимли сүўретлеўлер есапланады. Бул тек ғана Ш.Сейтов дөретиўшилигинде емес, улыўма қарақалпақ әдебиятында бурын ушыраспаған мегзетиў еди.

Әтирапты қараңғылық қаплап, ҳақыйқый түн өз ҳүкимранлығын ийелеген мәҳәл де романларда сүўретленеди. Сутканың бундай мәҳәли тәбият көринислери ҳәм жанзатлар ҳәрекетлери арқалы қалай аңлатылады? Мине бул қубылысларды К.Каримовтың «Ағабий» романы мысалында көрип өтпекшимиз.

«Жолаўшылар жолға түскенде жулдызлар аспанды толтырған, жети қарақшы тас төбеде, темир қазық жулдызы емис-емис көзге тасланып турар еди.» («Ағабий», екинши китап, 419-бет) Бул жоқарыда атап өткен қараңғы түсиўдиң «геўгим, ымырт, иңир» басқышлары толық өтип енди ҳақыйқый қараңғылық түскеннен кейинги ўақыттың сүўретлениўи. Автордың жулдызлардың жайласыў жағдайы, олардың ўақытқа қарап орнын өзгертиўи сыяқлы өзиншеликлеринен хабардар екенин көрсетеди. Ўақыттың қай мәҳәл екенин билиўди жулдызларға қарап бағдарлаў халқымызда бурыннан бар. Жазыўшы усы усылды қолланған. Бул усыл тарийхый ҳақыйқатлықты аңлатыўға да қол келеди, сондай-ақ ол көркем шынлық ушын да хызмет етеди. Өйткени, X1X әсир ўақыяларын сүўретлеп турып саат түнги мынадай еди, деп сүўретлеў анохронизмге алып келер ҳәм оның шығарма көркемлигине де кери тәсири тийген болар еди.

Екинши бир орында және жулдызларға қарап ўақытты белгилеў дәстүри сақланған. Бирақ бунда жоқарыдағыдай бир қанша жулдызлардың атамалары келтирилмейди. «Ережеп пенен Өмирбек Ерназардың кишкене өжиресинен шығып, үйлерине қайтқанда аспанда жулдызлар шағырайып, тәрези түн жарпынан аўған мәҳәл еди.» («Ағабий», екинши китап, 436-бет) Аспанда жулдызлардың шағырайысқанын сүўретлеў түнниң әлле мәҳәл болғанын абстракт түрде аңлатса, «тәрези түн жарпынан аўған мәҳәл еди» сүўретлеўи өзиншеликке ийе, ўақыт түн жарпынан аўған. Бул да анық ўақытты билдирмегени менен тәбият көринислери арқалы ўақытты аңлатыўдың бир усылы есапланады. Сондай-ақ бул сюжетте Ережеп досты Өмирбек лаққы менен ақ үйли болып Хийўада жасап атырған Ерназар алакөздиң үйине барады, олар узақ сәўбетлеседи. Әне, усы тарийхый үш тулғаның узақ сәўбетлескенин аңлатыў ушын да ўақыт түн жарпысынан аўып кеткенлигин жулдызлар арқалы көрсетип жазыўшы пикир көркемлигине ерискен. Бул арқалы жазыўшы және бир тарийхый шынлықты – Ерназар алакөз, Ережеп ағабий ҳәм Өмирбек лаққылардың Хийўада ушырасыўын көркем ҳақыйқатлық арқалы береди.

Әлбетте, түнниң қайсы мәҳәли екенин тек жулдызлар арқалы ғана емес, басқа аспан денелери ҳәм жанзатлар арқалы да билдириў мүмкин. Солардың бири қоразлар. Ата-бабаларымыз да түн саатлары ямаса жаршылары есапланған қоразлардың шақырыўына қарап та ўақытты билип отырған. «Олар Қаракөл бойындағы ағабий аўылына жеткенде аўыл қоразлары үшинши шақырымды ада етиўге киристи. Оннан ары ағабийдиң отаўына қарай еки киси кетти, қалғанлар қараңғылыққа сиңип көзден ғайып болды.» («Ағабий», екинши китап, 457-бет) Қоразлардың биринши, екинши, үшинши шақырыўы – булардың ҳәр бири сутканың қайсы мәҳәли екенин аңлатыўшы даўыслы белгилер. Қуслар да тәбияттың ажыралмас бир бөлеги болғанлықтан да сутканың қайсы мәҳәл екенин (олардың көзи түнде көрмейтуғын болса да) сезгир инстинкти арқалы аңлайды ҳәм адамлар ушын нешше әсирлер даўамында саат хызметин атқарып келген. Бул сюжетте де ўақыт мәзи көрсетилместен, белгили бир мақсет ушын хызмет еткен. Түниң менен жол жүрип таң ата ағабийдиң отаўына жетип келгенлер Алыўшы батырды қамақтан азат етип алып киятырғанлар еди. Ерназар алакөз басшылығындағы көтерилиске қатнасты деген айып тағып Ерназар аталық оны кейин ала Хийўаға жөнелтиў ҳәм оның есесине ханнан сыйлық алыў ушын Шымбай қаласы қамақханасына қамап қойған, ал Ережеп ағабийдиң адамлары болса, түниң менен батырды босатып, ағабийдиң үйине алып келген ўақты. Тапсырманың оғада сырлы ҳәм әҳмийетли екенин мына сүўретлеўден де көриўге болады: «Оннан ары ағабийдиң отаўына қарай еки киси кетти, қалғанлар қараңғылыққа сиңип көзден ғайып болды.» Екеўдиң биреўи Алыўшы батыр, екиншиси ағабий жумсаған Жуманазар.

**Жуўмақ**. Демек, түнги мезгилди сүўретлеўдиң бир қанша утымлы усылларының бар екенин көрип өттик. Олар сюжеттиң раўажланыўына, қаҳарманнын рухый кеширмелерин бериўде актив қолланылады. Улыўма түнги пейзажды көркем әдебиятта пайда етиў – бул көркем сөз қудиретин көрсетип бериўши индикатор хызметин де аңлатады.

**Әдебиятлар**

1. Афанасьев А.Н. Поэтические воззрения славян на природу. – Т. 1. – Москва: 1994.
2. Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. – Тошкент: «Ўзбекистон», 2002.
3. Богач Д.А. Проблемы понимания образа природы в литературоведческой науке. // «Вестник» Челябинского государственного университета, 2017 №6 филологические науки.
4. Фарино Е. Введение в литературоведение. – Санкт-Петербург: Издательство РГПУ им. А.И.Герцена 2004.
5. Рахимджонов Н. Бадиият – бош мезон. – Тошкент: «Академнашр», 2016.
6. Сейтов Ш. Шырашылар. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1986.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада қорақалпоқ насрида табиат манзаралари тасвири ўрганилади. Қорақалпоқ романларида замонларнинг воқеа муносабати, қаҳрамонларнинг замонга муносабати таҳлил қилинади. Бадиий адабиётдаги кечаю кундуз воқеалари, уларнинг ҳаракат ва воқеалар ривожига муносабати ўрганилди.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается изображение природных сцен в каракалпакской прозе. В каракалпакских романах проанализировано событийное отношение времен, а также отношение персонажей к времени. Были изучены дневные и ночные события в художественном произведении, их отношение к действию и развитию событий.

**SUMMARY.** The article discusses the depiction of natural scenes in Karakalpak prose. In Karakalpak novels, the relationship of time to events, as well as the relationship of characters to time, has been analyzed. The day and night events in the literary work, their connection to the action and the development of events, were studied.